INNOVATIVE PUBLICATION
Journal of Effective
Learning and Sustainable Innovation
Vol.3 №6 (2025). June
innovativepublication.uz

# INKYUZIV TÁLIMDI PEDAGOGIKALIQ HÁM PSIXOLOGIYALIQ TÁREPTEN SHÓLKEMLESTIRIW

**Ataniyazova Aynura Qurbanbaevna**
Qaraqalpaqstan Respublikası No'kis qalası
42-sanlı mektep psixologi

**Annotatsiya:** Arnawlı tálimge mútáj balalardı oqıtıwda pedagogikalıq járdem kórsetiw hám ata analardıń ornı haqqinda, psixologiyaliq qollap-quwatlaw.

**Kalit so'zlar:** inklyuziv ta'lim, tálim sisteması, pedagogikalıq járdem, psixolog, ata-analar.

Oqıtıw hám tárbiyalawdıń maqul usılların tabıw, arnawlı tálim alıw imkániyatlarına iye bolǵan balalardıń rawajlanıwı ushın shárt-shárayatlar jaratıw búgingi kúnde orta tálimniń aldına qoyǵan wazıypalarınan biri bolıp, pánler aralıq izertlewdiń ámeliy obyekti esaplanadı. Insaniy munasábetlerdiń ruwxıy miyrasların saqlawǵa qaratılǵan shaxs hám jámiyet ortasındaǵı munasábetlerdi en jaydırıw procesi arnawlı tálim alıw múmkinshiliklerine iye bolǵan, sonday-aq olardı tárbiyalaw hám oqıtıw menen baylanıslı bolǵan balalardıń mútajliklerine ayrıqsha itibar beriwdi talap etedi. Balalardı tárbiyalaw hám oqıtıw procesi olardıń ózine tán qásiyetleri hám mashqalalaların túsiniw zárúrligine tiykarlanıp, bul jeke tálim baǵdarın joybarlaw arqalı esapqa alınıwı múmkin.

Arnawlı tálimge mútáj balalardı oqıtıw hám tárbiyalaw baǵdarlamaları T.A.Vlasova, E.A.Ekjanova, V.I.Lubovskiy, N.A.Nikashina, E.A.Strebeleva, T.E.Tsikoto, T.V.Furyaeva hám basqalar tarepinen izertlengen. Social, xojalıq hám baylanıs qábiletlerin qáliplestiriw M.Yu.Vedenina, O.V.Volskoy, L.N.Kosheleva, A.R.Maller, O.N.Okuneva, S.I.Fomichev hám basqalar tárepinen izertlengen.

Tálim sistemasın qáliplestiriwdiń eń zárúrli faktorlarınan biri bul processte ata-analardıń qatnasıwı bolıp tabıladı. Búgingi kúnde ata-analar hámde balalar medicinalıq, psixologiyalıq hám sociallıq tálim xızmetlerin alatuǵın qarıydar dep qarawımız kerek emes. Házirgi kúnde ata-analardıń roli keńeyip, bul olarǵa oqıwshı ushın individual tálim baǵdarın hám inklyuziv tálim ortalıǵın jaratıw, tálim programmaların maslastırıw, jámiyetlik shólkemlerdiń oqıw hám mektepten tısqarı jumıslarında da qatnasıw múmkinshiligin beredi.

Inklyuziv tálim, inklyuziya kontseptsiyasınıń zárúrli mazmunı - jinsi, milleti hám dininen qaramastan, barlıq arnawlı tálimge mútáj bolǵan balalardı ulıwma tálim procesine kirgiziw, usınıń menen birge barlıq oqıwshılarǵa teń munasábette bolıwdı támiyinlew ushın arnawlı sharayatlar jaratılǵan. Somlıqtan pedagogikalıq járdem inklyuziv tálimniń psixologiyalıq-pedagogikalıq shártlerine aylanadı.

Pedagogikalıq járdem - tálim maqsetlerine erisiw ushın oqıtıwshı hám balanıń tolıq óz-ara tásirin ámelge asırıw ushın resurs sharayatların jaratıw. Resurs shártleri tómendegilerdi óz ishine alıwı kerek:

1) mektep átirapında jasawshı barlıq oqıwshılardıń túrli mútajliklerin qanaǵatlandıra alatuǵın dógerek jumısların shólkemlestiriw; balanıń qızıǵıwshılıǵın hám oqıw aktivligin arttıratuǵın temalarda rawajlandırıw ortalıǵın jaratıwdı óz ishine alǵan metodikalıq járdem;

2) barlıq oqıwshılar, sonday-aq mayıp yamasa arnawlı tálimge mútáj bolǵan balalar ushın oqıw hám mektep turmısında tolıq qatnasıw, tosıqlardı saplastırıw;

3) orta mekteplerdegi barlıq oqıwshılar ushın qolaylıq jaratıw tájiriybesin úyreniw;

4) oqıwshılardıń jasaw jayındaǵı mekteplerdegi tálim alıw huqıqın tán alıw;

5) balalardıń qızıǵıwshılıqları hám uqıplarınıń psixologiyalıq-pedagogikalıq diagnostikaslawdı jolgá qoyıw, oqıwshılardıń biliw processlerin rawajlandırıw;

6) balalar ushın individual tálim baǵdarların, sonday-aq tiyisli mazmun, jumıs formaları hám usılların islep shıǵıw hám ámelge asırıw;

7) mayıp balaǵa ata-analar hám oqıwshılardıń social munasábetlerin ózgertiwge járdem beretuǵın pedagogikalıq jáne social járdemdi ámelge asırıw.

Pedagogikalıq járdem - bul oqıtıwshı hám balanıń tikkeley óz-ara tásiri, bul pedagogikalıq processti shólkemlestiriwdiń ayrıqsha usılı. Pedagogikalıq qollap-quwatlaw – tálim procesin tabıslı ámelge asırıwdı támiyinleytuǵın resurs sharayatların jaratıw, pedagogikalıq qollap-quwatlaw – bul tálimdi shólkemlestiriwdiń arnawlı usılı, tálim procesi.

Pedagogikalıq járdemniń qásiyetleri tómendegilerden ibarat:

1) hár bir oqıwshınıń mútajlikleri hám diagnostika nátiyjelerine tiykarlanǵan tálim sistemasınıń maqseti, balaǵa qızıǵıwshılıqlarınıń ámelge asırıw erkinligin beriw hám qarar qabıllaw ushın juwapkershilikti tárbiyalaw;

2) hár bir balanıń sub'ektiv mútajlikleri menen belgilenetuǵın pedagogikalıq procestin shólkemlestiriw formaları, usılları hám qurallarınnan ibarat bolǵan pedagogikalıq processtiń subyektivligi;

3) oqıwshılar hám oqıtıwshılar ortasındaǵı sheriklik hám dialogǵa tiykarlanǵan, oqıwshılardı pedagogikalıq qollap-quwatlawǵa tiykarlanǵan subektler óz-ara tásir;

4) balanıń social-mádeniy tájiriybelerdi ózlestiriwine, onıń jeke tájiriybesin bayıtıwına tiykarlanǵan sociallasıw hám individuallastırıwdıń kombinatsiyası, bunnan tısqarı, rawajlanıw páti hám nátiyjesi hár bir bala ushın individual bolıp tabıladı;

5) maqsetli, mazmunli, shólkemlestirilgen, nátiyjeli hám strukturalıq bólimlerdi óz ishine alǵan pedagogikalıq processtiń pútinligi (úzliksizligi).

Qollap-quwatlawdıń natiyjeliligi oqıtıwshıǵa járdem beretuǵın barlıq qánigelerdiń óz-ara sherikligine baylanıslı. Óz-ara sherikliktiń birinshi baǵdarı - "psixolog-oqıtıwshı" oqıw dástúrlerin maslastırıw hám oqıw júklemesin oqıwshılardıń psixofizilogiyaliq múmkinshiliklerine muwapıq bólistiriw, sabaqtı psixologiyalıq tárepten bárkámal qurıw, balalar jámáátinde shaxslar óz-ara munasábetlerdi shólkemlestiriw, baylanıs tosıqların

saplastırıw, qospa rawajlanıw dástúrlerin islep shıǵıw hám ámelge asırıw, rawajlandırıw jumısları natiyjeliligin diagnostika qılıw.

Ata-analardı tálim-tárbiya procesine qosıwdıń nátiyjeli usılı olardı sabaqlarǵa, bos waqıttı ótkeriwge, bayramlarǵa qosıwdan ibarat. Tálim processinde ata-analardıń bar ekenliginen quwanıw kerek. Sebebi oqıtıwshı hám ata-analardıń tiykarǵı maqseti balanıń bárkámal rawajlanıwına járdem beriw bolsa, ol jaǵdayda bul nátiyje ushın birgeliktegi umtılıw-háreketlerin birlestiriw hám háreket qılıw kerek. Ata-analardıń individual ońlaw sabaǵı processinde qatnasıwın joybarlawda olar menen sabaqtıń barıwın, tiykarǵı mazmunın, onı ámelge asırıwda ata-ananıń rolin (balanıń járdemshi, gúzetiwshi, oqıtıwshı) aldınan talqılaw kerek..., sonda biz kútilmegen jaǵdaylardıń aldın alamız.

Bunday iskerlikte hár bir qatnasıwshı óziniń "rolin" hám basqa qatnasıwshılardıń "rolin" tolıq biliwi kerek. Bunday sabaqtı keyinirek qánigeler hám oqıtıwshılar menen analiz qılıw ushın videoǵa jazıp alıw usınıs etiledi. Gruppa yamasa klass ata-analarınıń birinshi jıynalısında olardı atipik rawajlanıw máseleleri boyınsha oqıtıwǵa járdem beretuǵın maǵlıwmatlardı usınıw da múmkin. Bul ata-analar óz perzentleri menen oqıwıá múmkin bolǵan temanı ádebiyatlar hám insan hár túrli bolıwı haqqındaǵı temalardı sáwlelendiriwshi úlkenler ushın da videolar bolıwı múmkin. Bul yamasa keyingi jıynalıslarda ata-analarǵa "atipik" bala jáne onıń ata-anası menen ushırasıwda járdem beretuǵın maǵlıwmatlar, óz-ara munasábetlerdiń basqa formalarında (veb-sayt, blog, elektron pochta hám basqalar) etikalıq hám kommunikativ baylanıs standartları usınıs etiliwi múmkin).

Sonlıqtan arnawlı tálimge mútáj oqıwshı hám onıń ata anası ushın bul maǵlıwmatlardı biliw orınlı. Jánede járdemge mútáj balalar menen islesiw kónlikpelerin har bir pedagog-oqıtıwshılatar, psixologlardıń tereń meńgeriwi júda áhmiyetli bolıp olar hár bir balanı qollap-quuwatlap jámiyetke qosılıwına kómeklesedi.

**Adebiyatlar:**

1. Inklyuzivnoe obrazovanie. Nastolnaya kniga pedagoga, rabotayushego s detmi s golosom: metodicheskoe posobie M.: Vlados, 2014.-167c.

2. Inklyuzivnoe obrazovanie: nastolnaya kniga pedagoga, rabotayущego s detmi s golosom: [metodicheskoe posobie] M.S.St 2017.-149c.